



## KÈK ENFÒMASYON SOU Rezon ki Fè Ou Bezwen Asirans Sante

Tout moun merite jwenn swen sante ki bon kalite ak bon mache. Se yon zouti enpòtan pou devlope lavi ki solid ak fanmi ki solid.



Sou Entènèt nan sitwèb  
[nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)



Nan telefòn nan nimewo  
1-855-355-5777

TTY

1-800-662-1220

**Men 4 rezon ki fè oumenm ak fanmi ou bezwen asirans sante:**

### 1 Paske ou vle pwoteje tèt ou ak moun pwòch ou yo

Maladi oswa chòk kapab chanje lavi ou nan yon moman. Pi bon fason pou pwoteje tèt ou ak fanmi ou se prepare ou. Pou konnen ou kapab jwenn bon jan swen sante a-lè ou bezwen li-san ou pa gen enkyetid pou depans yo. Se pi bon rezon pou gen asirans sante.

### 2 Paske ou vle pou pwoblèm piti yo rete piti

Asirans sante garanti depans yo lè ou ale kay doktè. Non sèlman lè ou malad, men lè an sante tou. Doktè yo kapab jwenn pwoblèm yo lè yo piti, senp ak mwen chè pou trete ou. Lè ou vle pou pwoblèm ki piti yo rete piti se fason ki entèlijan pou pran swen sante ou.

### 3 Paske ou vle viv yon fason ki pi dinamik epi avèk plis konfyans pase anvan

Lè ou gen asirans sante, ou gen lapè nan tèt. Ou kapab jwenn sa ou pa t prevwa pidevan epi ou kapab jwenn risk ki nan lavi ou chak jou. Ou kapab sante ou pwoteje, lè ou konnen oumenm ak fanmi ou gen pwoteksyon asirans sante-kèlkeswa sa li ye a.

### 4 Paske NY State of Health fè li fasil pou jwenn asirans sante epi pou peye pou li

Marketplace gen anpil plan sante pou chwazi ladan yo. Li ofri tou èd moun ki resevwa fòmasyon pou ede ou fè pwosesis pou antre nan yon plan sante, etap-pa-etap. Ou kapab jwenn èd sa a sou entènèt, nan telefòn oswa an pèsòn, nan kèlkeswa lang ou pale a. Epi tou, anpil moun New York ap jwenn èd pou peye pou yon plan sante.